Palm Beach Prep Charter Academy **Dr. Simone Todd, Principal**
3525 S. Congress Ave.
Palm Springs, FL 33461
561-623-6935

Yon Lekòl, Yon Vwa, Yon Kilti.

AKÒ LEKÒL-PARAN

Palm Beach Preparatory Academy
Ane Lekòl 2026–2027

08/17/26

Chè Paran/Gadyen

Pwofesè, anplwaye, fanmi ak elèv Palm Beach Preparatory Academy dakò ke akò sa a esplike kijan nou pral pataje responsablite pou ede elèv nou yo amelyore rezilta akademik yo. Akò a dekri kijan lekòl la ak fanmi yo pral bati epi devlope yon patenarya pou ede timoun yo reyisi nan yon anviwònman aprantisaj ki bay sipò epi ki efikas, pou pèmèt elèv yo satisfè gwo estanda akademik Eta a.

Objektif Akademik Nou Yo

1. Pou ogmante rezilta nan lekti, lekòl nou an pral konsantre sou devlope vokabilè, konpreyansyon, ak fè koneksyon ak tèks pou amelyore pèfòmans nan lekti.

2. Pou ogmante preparasyon pou kolèj ak karyè, lekòl nou an pral konsantre sou ranfòse ladrès fondamantal nan matematik epi aplike ladrès sa yo nan tout matyè yo.

Anplwaye lekòl la pral travay avèk elèv yo ak paran/fanmi yo pou sipòte siksè akademik elèv yo lè yo:

- bay yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite, ki bay sipò epi ki efikas pou ogmante rezilta elèv yo
- bay yon kourikoulòm ak ansèyman kalite siperyè ki pèmèt timoun yo satisfè estanda akademik Eta a
- kenbe yon kominikasyon pozitif nan toude sans avèk paran/fanmi yo sou yon baz kontinyèl, epi kenbe kominikasyon ki gen sans ant lekòl ak lakay nan yon lang yo konprann
- bay paran/fanmi yo rapò souvan sou pwogrè pitit yo (omwen 3) epi travay an patenarya avèk yo pou amelyore rezilta elèv yo pou satisfè estanda Eta a pou nivo klas la
- bay fanmi yo estrateji ak resous espesifik pou sipòte aprantisaj pitit yo lakay
- bay opòtinite kontinyèl pou paran/fanmi yo pataje epi patisipe kòm patnè nan pwosesis pran desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo pou ogmante siksè akademik yo

Paran/fanmi yo pral travay avèk pitit yo ak anplwaye lekòl la pou sipòte siksè akademik elèv yo lè yo:

- pran yon wòl aktif nan aprantisaj pitit yo lè yo patisipe nan aktivite fòmasyon pou paran/fanmi pou aprann estrateji ki ede ogmante siksè akademik pitit yo pou satisfè estanda Eta a pou nivo klas la, oswa sèvi kòm volontè

Palm Beach Prep Charter Academy **Dr. Simone Todd, Principal**
3525 S. Congress Ave.
Palm Springs, FL 33461
561-623-6935

Yon Lekòl, Yon Vwa, Yon Kilti.

AKÒ LEKÒL-PARAN

- patisipe nan pwosesis pran desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo pou ogmante siksè akademik yo
- kenbe yon kominikasyon pozitif nan toude sans avèk pwofesè pitit yo sou yon baz kontinyèl
- sipòte aprantisaj pitit yo lakay lè yo pratike ladrès, ede ak devwa, epi revize ak siyen ajanda yo chak jou
- asire elèv yo vini lekòl chak jou, alè epi pare pou aprann

Elèv yo pral travay avèk paran/fanmi yo ak pwofesè yo pou amelyore siksè akademik yo lè yo:

- pale avèk paran/manm fanmi yo sou sa y ap aprann nan lekòl la
- pratike lakay sa y ap anseye nan lekòl la epi fè devwa yo
- pote tout kominikasyon lekòl la lakay epi pataje li avèk paran/manm fanmi yo (feyè, bilten, avi, lèt, elatriye)
- vini lekòl chak jou, alè, pare pou aprann, epi suiv tout règ ak pwosedi lekòl la
- pote ajanda/planifikatè elèv la ki siyen nan lekòl la chak jou

*******Tanpri siyen epi retounen pati sa a kòm prèv akò ou.*******

Mwen revize epi mwen dakò ak Akò Paran-Lekòl Palm Beach Preparatory Charter Academy

Direktè	Dat
Pwofesè	Dat
Paran/Gadyen	Dat
Elèv	Dat

Palm Beach Prep Charter Academy Dr. Simone Todd, Principal
3525 S. Congress Ave.
Palm Springs, FL 33461
561-623-6935

Yon Lekòl, Yon Vwa, Yon Kilti.

AKÒ LEKÒL-PARAN